

# Alèji ak Entolerans ak Manje

## Si yon Kliyan Di Li Fè Alèji oswa li Gen yon Entolerans ak Manje

- Pran sa oserye. Alèji ak manje kapab mòtèl. Entolerans ak manje ka lakoz sentòm dijestif ki grav.
- Pare w pou diskite avèk kliyan an sou engredyan k ap gen nan manje a epi sou preparasyon manje a.
- Enfòme anplwaye ki nan kwizin yo sou alèji oswa entolerans ak manje a.
- Si w pa konnen si yon pla nan meni an gen aliman kliyan fè alèji ak li a ladann, fè kliyan an konn sa.
- Toujou kite kliyan an pran desizyon eklere l poukont li.



## Evite Kontak Kwaze

- Pa mete manje ki gen alèjèn yo menm kote ak lòt manje yo.
- Evite fè mannèv, tankou retire nwa nan yon salad. Menm yon ti kras alèjèn kapab pwovoke yon reyakson ki grav epi ki petèt mòtèl.
- Egzaminen tout sous kontak kwaze, tankou sifas pataje, lwil pou fri ansanm ak kouvèti pwalon.



## Avan W Prepare Manje ki Pa Gen Alèjèn oswa ki Pa Bay Entolerans

- Lave, rense epi dezenfekte, oswa chanje: istansil, planch pou koupe manje ansanm ak sifas ki an kontak ak manje.
- Lave men w epi chanje gan.



Si yon kliyan gen yon reyakson alèjik, rele 9-1-1